

Chay viral-ou ka ogmante si ou pa pran tout dòz medikaman-yo nan fason yo preskri-ou yo-a. Pi fò mounn ki ap suiv tretman-an pran grenn-yo younn oubyen de fwa chak jou sèlman, epi yo pa sanble gen twòp pwoblèm pou yo rantre tretman anti-VIH-la nan aktivite-yo fè chak jou. Sepandan, sa kab rive ou sote youn dòz, sitou lè ou deprime, ou gen laperèz, ou fristre epi ou ap bwè tafya oubyen ou ap pran dwòg. Si ou gen difikilte pou ou pran medikaman-ou yo tankou yo preskri-yo a, ou dwe chèche konkou lòt mounn, paske lè ou suiv fason pou pran remèd-yo san ratman, se lè sa-a ou va jwenn bon rannman nan tretman-an. Lè ou manke youn dòz medikaman, sa ka lakòz kantite medikaman-an diminye nan san-ou epi viris-la ka tounen aktif ankò.

Pafwa efè segondè medikaman kont VIH-yo konn anpeche mounn-lan pran tout dòz medikaman yo preskri-yo a. Youn ekzanp ka sa-yo se vomisman. Li enpòtan pou ou pale ak doktè-ou la sou sa, paske li kab ede-ou kontwole efè segondè-yo. Pafwa tou, menm lè ou pran tout dòz medikaman-yo, gen youn bagay ki kab anpeche kò-ou sipòte medikaman-an. Li posib pou medikaman-an pa rantre nan kò-ou osnon pou youn lòt medikam ou ap pran bloke efè medikaman ki ap konbat VIH-la. Sonje pou ou di doktè-a tout lòt medikaman yo vann nan famasi epi ou ap pran ak preskripsyon doktè. Sonje tou pou ou di doktè-a remèd fèy ou ap pran ansanm ak pwodui chimik siplemantè epi dwòg ou pran pou plezi.

Anfen, youn ogmantasyon wòdpòte chay viral-la ka demontre viris-la ap miltipliye (li ap fè lòt kopi tèt-li) malgre tretman anti-VIH-la. Sa vle di, VIH-la vin tabli rezistans (li abitye) ak omwen younn nan konbinezon medikaman-ou yo. Koze rezistans ak medikaman anti-VIH-la, se youn pwoblèm, paske sa vle di ou pa kab sèvi ak medikaman sa-yo ankò pou ou bese nivo chay viral-la. Si sa rive, doktè-ou la avèk-ou ap oblije konsidere sa, pou nou chanje konbinezon medikaman ou ap pran-yo.

## Èske chay viral-la diferan pou fi-yo?

Menm lè kantite selil CD4 yo menm, chay viral fi-yo plizoumwèn pi fèb pase pa gason-yo. Men, diferans sa-a pa gen okenn efè sou eta sante fi-yo ni sou fason kò-yo ap sipòte tretman pou maladi-a.

## Lè mwen fin pase youn tèl pou chay viral, èske yo ap pataje enfòmasyon-an ak lòt mounn?

(Atansyon, kesyon ki an wouj-la, se youn kesyon mwen chanje). Zo pale ak yo sou sa.

Lalwa defann doktè-ou ou byen lòt mounn ki ap travay ak li pale ak lòt mounn sou tèl-ou san ou pa ba-yo pèmisyon. Se lalwa tou ki defann laboratwa medikal-yo bay mounn, ki pa doktè-ou, rezilta tèl medikal-ou yo san pèmisyon-ou.

## Ki kote mwen kab jwenn pi plis enfòmasyon?

Doktè-ou ansanm ak lòt mounn ki nan ekip ki ap pran swen-yo se bon mwayen pou ou jwenn enfòmasyon. Yo ta dwe kapab reponn tout kesyon ou genyen sou tèl chay viral-la. Ou kab sèvi ak ti dokiman sa-a pou louvri konvèsasyon sou sijè-a. Anplis dokiman sa-a ki nan men-ou lan, si ou bezwen pi plis enfòmasyon toujou, pa bliye li ti dokiman enfòmasyon CATIE pibliye-a, ki rele *Tès chay viral*. Ou kab jwenn ti dokiman CATIE-a gratis ansanm ak anpil lòt enfòmasyon itil nan adrès entènèt sa-yo : [www.gapvies.ca](http://www.gapvies.ca) ak [www.catie.ca](http://www.catie.ca).

La production de cette publication a été rendue possible grâce à l'apport financier de l'Agence de la santé publique du Canada et le Gouvernement de l'Ontario. Produit en collaboration avec l'Association canadienne des spécialistes cliniques des laboratoires du VIH. Traduit par GAP-VIES.

©2011. CATIE (Réseau canadien d'info-traitements sida). Tous droits réservés. N° du Centre de distribution de CATIE : AT1-26333.



Imprimé sur du papier recyclé post-consommation à 100 %

## Enfòmasyon ou dwe konnen

- Youn tèl pou chay viral mezire kantite kopi viris-la nan san-ou. Pou mezire rezilta tèl-la, yo sèvi ak youn mezi yo ekri konsa : kopi / mL, sa vle di: kantite kopi ki nan youn mililit san.
- Chay viral-la pèmèt ou konnen nivo aktivite VIH-la nan kò-ou. Plis kantite kopi-a piti, se mwens viris-la aktif.
- Yo fèt pou mezire chay viral-la tanzantan. Li nòminal pou chay viral-la varye; li enpòtan, plis jou-yo, mwa-yo ap pase, pou yo toujou detekte chanjman nan chay viral-la.
- Chay viral-ou se younn nan eleman ki pral ede ni oumenm ni doktè-ou la deside nan ki moman pou yo kòmanse tretman anti-VIH-la oubyen pou chanje tretman-an.
- Si ou ap suiv youn tretman anti-VIH, youn ogmantasyon chay viral-la tanzantan se youn siy ki endike viris-la ap abitye avèk younn nan medikaman anti-VIH ou ap pran-yo. Se oumenm ak doktè-ou la ki pou pale epi deside ansanm ki sa pou nou fè ak sa.

CATIE se youn sous enfòmasyon kanadyen ki pa nan patipri epi ki genyen tout enfòmasyon tou nèf ki parèt sou VIH ak epatit C.

Ou kab antre an kontak ak GAP-VIES sou entènèt oubyen nan telefòn

[www.gapvies.ca](http://www.gapvies.ca)  
514-722-5655

Ou kab antre an kontak ak CATIE

[www.catie.ca](http://www.catie.ca)

# VIH

## Tès pou chay viral

(VIH Test de charge virale en créole)



**Pandan ou ap viv ak VIH-la, ou kab remake, san dout, kantite chay viral-ou a se youn eleman enpòtan nan fason pou ou rete an sante.**

**Ou ap gen pou ou fè tès sa-a tanzantan epi li ap younn nan eleman oumenm ak doktè-ou la ap gen pou nou konsidere nan tretman enfeksyon-ou lan.**

Ti liv dokiman sa-a ap di ou kisa chay viral-la ye, epi li ap reponn kesyon esansyèl ou ka genyen sou wòl-ou nan plan tretman-ou lan.

## **Kisa tès chay viral-la ye?**

Tès chay viral-la mezire kantite VIH ki nan san-ou. Tès-la pèmèt yo mezire kantite kopi youn pati espesyal nan viris-la ki rele ARN (asid ribonikleyik).

## **Ki enpòtans tès sa-a, si mwen deja fè youn tès pou detekte VIH?**

Tès pou detekte antikò kont VIH-la ap pèmèt ou konnen si ou genyen VIH-la, viris ki sida-a. Tès chay viral-la mezire kantite viris VIH-la ou genyen nan san-ou. Menmsi youn sèl tès sifi pou detekte antikò kont VIH-la, sa vle di,pou tabli dyagnostik-la, yo ap toujou kontinye mezire chay viral-ou.

## **Ki diferans ki genyen ant tès pou chay viral-la ak tès pou mezire kantite CD4 youn mounn genyen?**

Youn tès pou CD4 ap ba-ou enfòmasyon sou sistèm iminitè-ou, men tès pou chay viral-la limenm bay enfòmasyon sou aktivite VIH-la nan kò-ou. Se tou de tès sa-yo ansanm, ki ap pèmèt ou konnen kijan kò-ou reyaji ak VIH-la, ansanm ak fason kò-ou sipòte tretman kont VIH-la.

## **Kijan yo prezante rezilta tès chay viral-la?**

Rezilta-yo prezante sou fòm kantite kopi (ARN) / mililit, sa vle di, kantite kopi ARN nan youn mililit san. Plis chif ki reprezante kantite kopi ARN pou youn mililit san-an ba, se

mwens ou gen viris-la nan san-ou. Kantite kopi ARN-lan kab soti nan 1 000 000 kopi epik pou chak mililit (mL) san, jouk li rive nan youn nivo yo pa kab detekte.

## **Kisa sa vle di, lè yo deklare : kantite kopi ARN-lan pa detektab?**

Sa vle di, san-an pa genyen sifizamman kopi viris-la pou tès-la rive konte-yo. Sa pa vle di ou geri, oubyen ou pa gen VIH-la nan san-ou. Viris-la toujou nan kò-ou, men kantite-li tèlman piti tès-la pa kab mezire-li.

## **Si chay viral mwen pa vizib, èske mwen kab bay youn lòt mounn VIH-la?**

Wi ou kab enfekte youn lòt mounn. Menmsi VIH-la pa parèt nan san-ou, ou kab genyen sifizamman viris-la nan san-ou pou kontamine youn lòt mounn. Konsa tou, li posib pou kantite VIH-la pi plis nan espèm-ou ak nan likid ki soti nan ògàn seksyèl fi-a. Kidonk, menm lè chay viral-ou piti, li posib pou ou kontamine youn mounn, si ou pataje sereng ak li oubyen si ou ap fè lanmou ak li san kapòt.

## **Poukisa li enpòtan pou mwen konnen chay viral mwen?**

Se chay viral-ou ki pral di-ou kouman viris-la ap travay nan kò-ou. Kòm kantite VIH ki nan san-ou lan ka chanje, li enpòtan pou ou mezire chay viral-ou regilyèman. Rezilta tès chay viral-yo pèmèt ou pran desizyon enpòtan nan tretman kont VIH-la. Rezilta-yo ka pèmèt ou konnen ki tretman ou kab suiv, oubyen ankò ki lè pou ou chanje medikaman ou yo.

## **Kisa ki ap pase, si mwen wè chay viral mwen ap chanje apre chak tès?**

Chay viral-ou ka chanje apre chak tès, pafwa menm chanjman-an ka gwo anpil. Chanjman sa-yo nòmal. Doktè-ou la ka menm di-ou sa gen pou li rive, epi ou pa dwe fatigue lespri-ou lè sa rive. Sa ki pi enpòtan-an, kit chay viral monte, kit li desann, se kantite chay viral ki parèt pi souvan apre ou fin fè plizyè tès.

## **Si mwen pase youn tès pou chay viral, èske sa vle di mwen dwe kòmanse youn tretman kont VIH?**

Se pa paske ou fè youn tès chay viral ki vle di ou dwe suiv tretman imedyatman oubyen ou dwe kòmanse pran medikaman. Youn tès chay viral ka ede ou pran bon desizyon parapò ak tretman ou ap suiv kounye-a oubyen tretman ou va gen pou ou suiv. Alaverite, tès chay viral-yo pi itil lè ou fè plizyè pandan youn sèten peryòd tan.

Si ou deside suiv youn tretman, ou dwe konnen medikaman kont VIH-yo gen efè segondè. Epi efè sa-yo diferan pou chak mounn. Konsa, ou dwe panse pou ou modifye fason ou ap viv-la si se nesesè. Ou va jwenn plis enfòmasyon sou sa nan gid CATIE ki rele : Youn gid pratik pou miltiterapi antiretwoviral.

## **Kouman rezilta chay viral mwen ka ede mwen chwazi youn tretman?**

Si ou deja ap suiv youn tretman, lè ou konnen chay viral-ou, sa ap pèmèt ni doktè-ou la, ni oumenm suiv efè tretman-an sou viris-la. Yo ap kontinye mezire chay viral-la tanzantan pou yo konnen rezilta tretman-an sou ou. Jeneralman, medikaman anti-VIH-yo ralanti devlopman viris-la epi diminye chay viral-la.

Bivize tretman-an se pou yo rive jwenn youn chay viral, tès anti-VIH-la pa rive detekte, espesyalman lè ou fenk kòmanse pran konbinezon medikaman kont VIH-la. Si pi devan doktè-a sèvi ak lòt konbinezon medikaman, se toujou avèk menm bivize-a, rann chay viral-la envizib, men bivize sa-a, yo pa rive jwenn-li fasilman.

## **Kisa sa vle di, lè chay viral-la ap ogmante?**

Anpil sikonstans kab aji sou chay viral-la. Genyen devlopman enfeksyon VIH-la, eta sante-ou an jeneral, efikasite tretman-an epi fason yo te fè tès-la jou-a. Doktè-ou la ansanm avèk-ou ap eseye jwenn rezon ki kreye

ogmantasyon chay viral-la, apati tès ou te fè pou chay viral anvan-yo epi apati lòt endikasyon.

Si kantite chay viral-la ap ogmante, li posib pou doktè-a mande-ou fè youn lòt tès imedyatman. Dezyèm tès sa-a ap pèmèt-li verifye si ogmantasyon-an te tanporè oubyen si se youn tandans ki la pou rete. Lè chanjman nan kantite chay viral-la tanporè, ka gen plizyè rezon pou sa:

- Sa kab rive pou chay viral-la parèt byen wo nan youn tès epi nan youn lòt tès, li pa parèt ditou. Yo rele sa youn anòmalite tanporè, epi pa gen anyen ki anòmal nan sa;

- Kantite kopi chay viral-la ka ogmante, paske ou gen youn rim, oubyen akoz youn lòt maladi tanporè;

- Chay viral-ou ka ogmante tanporèman apre ou fin pran youn vaksen, tankou youn vaksen kont grip. Ou ka toujou pran youn vaksen si ou santi ou bezwen-li, men ou dwe tann youn mwa apre vaksen-an (oubyen youn lòt maladi) anvan ou al pase tès chay viral-la;

- Fason yo fè tès chay viral-la pa menm nan tout laboratwa-yo. Konsa, si ou chanje laboratwa , sa ka lakòz youn chanjman nan rezilta tès-la.. Toujou sonje sa lè ou al pase tès-la nan de laboratwa diferan, patikilyèman lè laboratwa-yo nan de vil oubyen nan de pwovens oubyen peyi diferan.

Si pa gen lòt fason pou esplike ogmantasyon chay viral-la, ou dwe mete nan lide-ou pou ou chanje tretman ou ap suiv-la.

## **Lè chay viral-la ap ogmante san rete, ki rapò sa genyen ak tretman mwen-an?**

Youn ogmantasyon chay viral-la san rete ka demontre konbinezon medikaman ou ap pran pou konbat VIH-la pa efikas ankò. Ou kab pale ak doktè-ou la pou ou konnen sa ki lakòz ogmantasyon-an, epi kisa ki kab fèt pou korije sa.